



Èske ou te pran yon chòk nan travay la? Yon Gid sou Avantaj pou Andikap



**Workers'
Compensation
Board**

Nan New York, patwon ki la pou fè pwofi yo ak kèk patwon ki pa la pou fè pwofi oblije ofri asirans avantaj pou andikap. Li peye ou avantaj lajan kach tanporè si ou pa kapab travay paske ou te pran yon chòk oswa ou te vin malad deyò travay ou. Sa vle di, aksidan an oswa maladi a te pase lè ou pa te nan travay la.

AVANTAJ LAJAN KACH

Avantaj la se 50% nan salè mwayen chak semèn ou, jiska yon maksimòm \$170 pa semèn. Salè mwayen chak semèn nan baze sou salè pou uit (8) semèn travay anvan dènye jou ou te travay la. Y ap peye pou avantaj jiska 26 semèn andikap pandan 52 semèn youn dèyè lòt. Avantaj yo ap gen taks sekirite sosyal sou yo.

Gen yon peryòd atant sèt (7) jou; avantaj yo kòmanse sou uityèm jou apre andikap la. Ou ta dwe resevwa premye peman avantaj la nan kat (4) jou travay apre 14zyèm jou andikap la oswa kat (4) jou travay apre yo resevwa reklamasyon an, sa ki fèt pi ta a. Y ap peye avantaj yo chak de (2) semèn pandan peryòd andikap la.

Patwon yo dwe bay travayè ki kalifye yo yon *Deklarasyon Dwa - Lwa Konsènan Avantaj pou Andikap (Fòm DB-271S)* nan yon delè senk (5) jou apre yo aprann anplwaye a gen andikap la.

Sa ka afekte dwa ou pou jwenn avantaj yo si ou kite travay ou pou rezon ki pa gen pou wè andikap la.

GWOSÈS

Andikap la ka rive nenpòt lè pandan gwoès oswa apre akouchman an. Fanm ki ansent oswa ki fenk akouche yo ka touche avantaj yo pandan yon nan konje matènite, depi gen yon lòt bagay ki fè yo kalifye. Doktè oswa fanm-saj enfimyè sètifye dwe sètifye andikap la ak rapò medikal. Pafwa yon konpayi asirans ka mande pou plis enfòmasyon detaye medikal pou gwo andikap.

PRIM AK PWOTEKSYON

Yon patwon ka kolekte yon kontribisyon nan men anplwaye li yo pou konpanse pou prim asirans avantaj pou andikap la. Kontribisyon an se jiska mwaye nan yon pousan nan salè yo, jiska 60 santim pa semèn.

ASIRANS CHOMAJ AK AVANTAJ ANDIKAP

Si ou resevwa avantaj pou asirans chomaj epi ou vin andikape ant kat (4) ak 26 semèn aprè ou pa nan travay la ankò, ou ka kalifye pou avantaj andikap depi premye jou andikap la. Sepandan, ou pa ka resevwa avantaj asirans chomaj ak avantaj andikap an menm tan. Ou kalifye sèlman si ou pa ka kolekte avantaj Asirans Chomaj paske yon aksidan oswa maladi anpeche w al chèche travay epi, donk, ou fin pa kalifye pou resevwa plis avantaj Asirans Chomaj. *Depoze yon Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj Andikap (Fòm DB-450)* dirèkteman ak Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè nan:

**Workers' Compensation Board
Disability Benefits Bureau
P.O. Box 9029
Endicott, NY 13761-9029**

PLAN AVANTAJ POU ANDIKAP SIPLEMANTÈ

Patwon ou ka ofri yon plan asirans avantaj pou andikap siplemantè. Plan Siplemantè yo avantaj ki diferan ak sa yo mande anba asirans ki obligatwa (oswa legal) ki dekri isit la. Piske plan yo ka varye, tanpri kontakte patwon ou dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj genyen disponib pou ou.

RESTRIKSYON

Ou pa ka resevwa avantaj andikap si w ap travay. Asirans avantaj pou andikap pa kouvri swen medikal. Ou pa p touche avantaj pou peryòd andikap paske w ap fè operasyon ki pa obligatwa.

Konpayi w ap mande travay pa gen dwa mande w enfòmasyon sou reklamasyon avantaj pou andikap ou genyen avan yo anboche ou.

FASON POU DEPOZE YON REKLAMASYON

1. *Depoze yon Avi ak Prèv Reklamasyon pou Avantaj pou Andikap la (Fòm DB-450)* ak travay ou oswa konpayi asirans ou nan 30 jou apre ou vin andikape a. Fòm sa a disponib nan wcb.ny.gov.

Si yo pa peye reklamasyon ou an a tan, kontakte patwon ou a oswa konpayi asirans konpayi asirans lan.

Si ou reklame li an reta, ou pa p touche pou nenpòt peryòd andikap ki plis pase de (2) semèn anvan dat ou te depoze reklamasyon an. Yo ka aksepte si ou depoze an reta si ou ka montre li pa te rezonabman posib pou pou depoze pi bonè. Yo p ap peye okenn avantaj si ou reklame plis pase 26 semèn apre andikap ou a te kòmanse, oswa apre ou retounen nan travay.

2. Pwofesyonèl swen sante ou dwe ranpli *Pati B* nan *Fòm DB-450, Deklarasyon Pwofesyonèl Swen Sante a*.

LÒT SIKONSTANS

- **Reklamasyon yo Refize:** Si yo refize reklamasyon w lan, ou gen dwa pou mande pou yo evalye refi a. Voye demann ou a bay:

**Workers' Compensation Board
Disability Benefits Bureau, P.O. Box 9029
Endicott, NY 13761-9029**

Si w toujou andikape epi avantaj ou yo kanpe avan peryòd 26 semèn nan pase epi ou gen prèv medikal ki montre ou toujou gen yon andikap, ou gen dwa pou soumèt yon demann pou evalyasyon nan Biwo Avantaj pou Andikap la. Konpayi asirans la pral peye ou plis avantaj si yo detèmine yon reklamasyon apwopriye ak valid. Kote sa nesèsè, Konsèy la ap mande plis enfòmasyon ak yo ka fè yon odyans sou reklamasyon w lan.

- **Aksidan Machin:** Ou ka resevwa avantaj pou andikap pou yon chòk ou pran nan yon aksidan machin. Avantaj san fot yo ka redwi pandan y ap tann pou detèmine si ou kalifye pou avantaj pou andikap yo.

- **Avantaj Sekirite Sosyal** Si w ap travay toujou epi w ap resevwa avantaj retrèt Sekirite Sosyal, ou ka kalifye pou avantaj pou andikap. Sepandan, si w ap resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou andikap, epi ou depoze reklamasyon pou avantaj andikap Eta New York, ou pral resevwa pi gwo nan de (2) avantaj yo, pa tou de.

Pa egzanp, si avantaj andikap Sekirite Sosyal ou a se \$400, epi avantaj andikap Eta New York ou a se \$170, ou pral sèlman resevwa \$400.

ASISTANS AK LANG

Konsèy la ap tradui dokiman yo nan nenpòt lang ou bezwen. Epi tou li pral bay yon entèprèt pou odyans ou a, epi l ap toujou gratis. Tanpri rele **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: wcb.ny.gov

Pou kesyon sou reklamasyon avantaj pou andikap ou yo, ou dwe rele konpayi asirans travay ou a.

Pou enfòmasyon jeneral sou avantaj pou andikap, ou ka rele **(877) 632-4996**

Komisyon Konpansasyon Eta New York pwoteje dwa anlwaye yo ak patwon yo lè nou asire bon jan fason yo bay avantaj yo, epitou lè nou ankouraje respè lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Konpansasyon Travayè a, ale sou sitwèb wcb.ny.gov.

